**Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 5-noyabr kúngi “Júriw, juwırıw, mini futbol, badminton, stritbol hám workout” sport túrlerin jánede rawajlandırıw is-ilajları haqqında”ǵı PQ-5282-sanlı qararınıń 4,5-bántinde Jaslar siyasatı hám sport ministrligi, Ózbekstan Milliy olimpiada komiteti, Ózbekstan jeńil atletika federaciyası, Ózbekstan futbol associaciyası, Ózbekstan badminton federaciyası, Ózbekstan basketbol federasiyası basshılarına hámde Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, wálayatlar hám Tashkent qala hákimlikleri intalı jaslardı anıqlaw, tańlap alıw (selekciya)dıń 3 basqıshlı sistemasın tiyisli aymaqlarda tolıq engiziw hám jarıslar nátiyjeleri tiykarında sport bilimlendiriw orınların intalı sportshılar menen toltırıp barıw boyınsha tikkeley juwapker etip belgilengen edi.**

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 5-noyabr kúngi “Júriw, juwırıw, mini futbol, badminton, stritbol hám workout” sport túrlerin jánede rawajlandırıw is-ilajları haqqında”ǵı PQ-5282-sanlı qararınıń 4,5-bántinde Jaslar siyasatı hám sport ministrligi, Ózbekstan Milliy olimpiada komiteti, Ózbekstan jeńil atletika federaciyası, Ózbekstan futbol associaciyası, Ózbekstan badminton federaciyası, Ózbekstan basketbol federasiyası basshılarına hámde Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, wálayatlar hám Tashkent qala hákimlikleri intalı jaslardı anıqlaw, tańlap alıw (selekciya)dıń 3 basqıshlı sistemasın tiyisli aymaqlarda tolıq engiziw hám jarıslar nátiyjeleri tiykarında sport bilimlendiriw orınların intalı sportshılar menen toltırıp barıw boyınsha tikkeley juwapker etip belgilengen edi.

Qaraqalpaqstan Respublikası Jaslar siyasatı hám sport ministrligi tárepinen bántte kórsetilgen tapsırmalardıń orınlanıwı boyınsha birqansha jumıslar ámelge asırılmaqta.

Atap aytqanda, Respublikamızdıń barlıq rayon (qala )larında 3 basqıshlı sport jarısları úzliksiz túrde ótkerilip, onıń nátiyjesinde ótkerilgen jarıslarda joqarı nátiyje kórsetken jaslardı sport mekteplerine qamtıp alıw dárejesi 4163 ke jetti. Sonnan, jeńil atletika boyınsha 501, futbol boyınsha 1936, mini futbol boyınsha 34, badminton boyınsha 438, basketbol boyınsha 1143 jaslar qamtıp alındı.

Sporttıń baslı túrleri boyınsha sport federaciyaları hám associaciyaları menen birgelikte tańlap alıw (selekciya) qılıw jumısları alıp barılmaqta.